


Sa Ou Dwe  
Konnen Apre Ou  
Pran Vaksen  
Johnson & Johnson/  
Janssen kont  
COVID-19 Ou a



**NYC VACCINE FOR ALL:  
SAFE, FREE, EASY**

[nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine)

Haitian Creole

## **Anvan ou kite sit vaksinasyon an:**

Asire ou jwenn yon kat vaksinasyon. Li pral di ki vaksen ou te pran an ak dat ou te resevwa li.

## **Èske mwen bezwen retounen pou yon dezyèm dòz nan vaksen an?**

Non. Vaksen Johnson & Johnson lan se yon sèl dòz.

## **Ki efè segondè vaksen an?**

Efè segondè komen yo se doulè oswa enflamasyon sou bra a kote ou te pran piki a, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv. Efè segondè yo mwens komen lakay granmoun yo epi yo jeneralman:

- Leje jiska modere
- Kòmanse nan lespas twa premye jou yo apre vaksinasyon an (jou apre vaksinasyon an se li ki pi komen)
- Dire apeprè yon (1) a de (2) jou apre yo kòmanse

## **Ki sa mwen ta dwe fè si mwen genyen efè segondè?**

Rele pwofesyonèl swen sante ou si ou gen efè segondè ki ba ou enkyetid ou oswa ki pa ale apre kèk jou, oswa si woujè oswa doulè kote ou te resevwa piki a ogmante apre 24 èdtan. Pale ak pwofesyonèl swen ou sou pran yon medikaman san preskripsyon, tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Advil).

Rapòte efè segondè yo atravè aplikasyon pou telefòn entèlijan V-safe Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a. Pou aprann plis ak telechaje aplikasyon an, vizite **[vsafe.cdc.gov](https://www.vsafe.cdc.gov)**. Ou kapab rapòte efè segondè yo atravè Sistèm Rapò Efè Negatif Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting

System, VAERS) an tou, ki jere pa CDC ak Administrasyon Manje ak Medikaman an. Rapò yo ka fèt nan [vaers.hhs.gov/reportevent.html](https://vaers.hhs.gov/reportevent.html) oswa lè ou rele 800-822-7967. Enfòmasyon ou rapòte yo ap rete konfidansyèl.

## **Èske li posib pou gen yon reyaksyon alèjik a vaksen an?**

Reyaksyon alèjik pa komen epi jeneralman yo kòmanse nan kèk minit jiska inèdtan apre ou pran piki a. Si yon reyaksyon alèjik grav gen ladan difikilte pou respire, enflamasyon nan figi ak nan gòj ou, batman kè rapid, yon gratèl nan tout kò ou, vètij ak feblès. Si ou panse ou genyen yon gwo reyaksyon alèjik, rele **911** oswa ale nan lopital ki pi pre ou a.

## **Kilè vaksen an kòmanse travay?**

Ou p ap gen pwoteksyon konplè ki soti nan vaksen an jiska de (2) semèn apre piki ou a.

## **Èske mwen ka sispann pran lòt prekosyon pou COVID-19 apre mwen pran vaksen an?**

Non. Ou dwe toujou pratike mezi prevansyon apre ou fin pran vaksen an:

- Rete lakay ou si ou malad.
- Rete a yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.
- Mete yon kouvèti pou figi.
- Lave men ou epi itilize dezenfektan pou men souvan.

Byenke yo demontre vaksen Johnson & Johnson lan pwoteje moun kont COVID-19, nou bezwen aprann plis tou sou konbyen tan pwoteksyon an dire ak si vaksen an anpeche transmisyon an.

## **Èske yo pral voye yon bòdwo ban mwen pou vaksen an oswa vizit swen sante a?**

Non. Yo gendwa voye bòdwo a bay asirans ou, men yo pa pral chaje ou yon kopeman oswa okenn lòt yon frè pou vaksen an.

## **Èske enfòmasyon pèsònèl mwen pwoteje?**

Enfòmasyon pèsònèl ou yo konfidansyèl epi yo pwoteje. Yo pral pataje enfòmasyon debaz sou ou (tankou non, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, ras ak etnisite, dat vaksinasyon, ak vaksen ou te resevwa) yo avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante NYC) la jan lalwa egzije sa.

## **E si mwen gen lòt kesyon?**

Ou kapab rele pwofesyonèl ou oswa **311**.





**SAN  
DANJE**

**GRATIS**

**FASIL**

Ki kote mwen ka jwenn  
plis enfòmasyon?



**Depatman Sante NYC:**  
[nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine)

**Depatman Sante Eta New York:**  
[covid19vaccine.health.ny.gov](https://covid19vaccine.health.ny.gov)

**CDC:**  
[cdc.gov/covidvaccine](https://cdc.gov/covidvaccine)



Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon  
yo pandan sitiyasyon an ap evolye. **3.8.21**